

Kesyon yo poze souvan yo sou vaksen kont COVID-19 lan

Mizajou: 14 jen 2021

Disponibilite vaksen ak pwogramasyon

Massachusetts General Brigham ap bay pasyan ki gen 12 lane ak plis yo randevou pou pran premye dòz yo.

Ki kote mwen ka pran yon vaksen kont COVID-19 la?

Etdone nou fè anpil jefò pou nou reyisi epi kantite vaksen ki bay nan kominote a ogmante, nou pral diminye kantite klinik nou gen k ap bay vaksen, kote pifò nan klinik vaksinasyon nou yo p ap pran randevou pou bay premye dòz vaksen yo ankò. Nou kontan anpil paske nou reyisi bay anplwaye nou yo ak pasyan nou gen nan klinik vaksinasyon nou yo 441,550 dòz vaksen COVID-19 lan an total. Plis pase 3.7 milyon rezidan Massachusetts rive pran tout dòz vaksen an - sa k ap rann rejyon nou an youn nan rejyon ki gen plis moun ki vaksinen nan tout peyi a.

[Yo pral limite randevou](#) pou premye dòz vaksen an ou gen jiska 30 jen pou fè sa. W ap jwenn plis enfòmasyon sou [sitwèb ou ka pran randevou](#) nou genyen an.

Ou kapab jwenn mini bis nou genyen yo k ap pase nan tout kominote a k ap bay vaksen COVID-19 yo gratis pandan kèk jou nan semèn lan; lè sa a ou p ap gen bezwen pran randevou. Tanpri [konsilte kalandriye a](#) pou konnen nan ki jou n ap pase nan katye lakay ou an.

Nou ankouraje tout pasyan ki poko janm pran premye dòz vaksen yo an pou ale vizite sitwèb [Mass.gov](#) pou yo kapab pran yon randevou pou ale pran vaksen an tou pre lakay yo oswa konpoze 2-1-1.

Mwen te pran premye dòz mwen an nan yon lòt lopital oswa yon lòt ote ki pa Mass General Brigham. Èske mwen ka pran dezyèm dòz mwen an ak Mass General Brigham?

Non, nou pa pwograme randevou pou dezyèm dòz amwenske ou te deja resevwa premye dòz ou an nan yon anplasman Mass General Brigham. Nou konseye pasyan yo ak fòs pou yo rezève dezyèm dòz yo an nan menm anplasman kote yo te resevwa premye dòz yo an.

Vaksen Pfizer ak Moderna egzije yo chak de dòz. Vaksen Janssen (Johnson & Johnson) lan egzije sèlman yon grenn dòz.

Kijan mwen ka jwenn ki vaksen mwen pral resevwa nan randevou vaksinasyon mwen an ki ap vini an?

Pi bon vaksen an se sa ki disponib pou ou an nan jou randevou ou an. Se Eta a ak gouvènman federal la ki bay apwovizyonman pou vaksen Mass General Brigham nan. Malgre nou pa chwazi ki vaksen nou genyen nan distribisyon nou an, se vaksen Pfizer nou t ap bay anpremye nan klinik vaksinasyon nou yo.

Tanpri remake: Pasyan ki genyen ant 12 ak 17 lane yo resevwa vaksen kont COVID-19 la paske aktyèlman, gwoup laj otorize pou li pran li.

Sa pou ou atann ou nan randevou ou an pou vaksen kont COVID-19 la

Li kesyon yo poze souvan yo sou sa pou ou atann lè ou ap pran yon vaksen kont COVID-19, ansanm ak enfòmasyon sou potansyèl efè segondè yo.

[Kesyon yo Poze Souvan yo apwopo sa pou ou atann nan vaksinasyon an](#)

Apwopo vaksen kont COVID-19 FDA otorize aktyèlman pou itilize nan ka ijans

Èske vaksen yo san danje?

Nou p ap rekòmande okenn vaksen nou pa santi ki san danje epi efikas. Yo teste vaksen COVID-19 yo nan anpil esè klinik avèk plizyè milye moun ki soti nan plizyè ras, laj, ak plizyè milye. Chak vaksen sibi yon pwosesis analiz règlemantè ki estrik. Nou toujou ap kontwole tout sousi sekirite oswa klinik pou tout vaksen yo.

Èske genyen pwoblèm konsènan efè segondè vaksen Johnson & Johnson (janssen) nan?

Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) avèk Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) te anonse yon pwoblèm sekirite ki ka genyen ak vaksen Janssen Johnson & Johnson COVID-19 la. Te gen ka ra kote te gen yon kalite san kaye ki rele tonbwoz sinis nan venn serebral pami pasyan ki te resevwa vaksen Janssen Johnson & Johnson lan. Malgre sa ra anpil, risk kèk kayo san yo parèt plis lakay medam ki gen ant 18 ak 49 lane yo.

FDA ak CDC kwè vaksen sa a sekirize epi efikas pou prevansyon kont COVID-19 la. FDA a detèminen avantaj potansyèl vaksen an yo konnen yo depase risk potansyèl yo konnen yo lakay moun ki genyen 18 lane ak plis. Nan moman sa, done ki disponib yo ta vle pou chans ki genyen pou kayo san parèt piti anpil, men FDA ak CDC ap rete vijilan pandan yo ap kontinye mennen investigasyon sou ris la.

Aprann plis sou [sit entènèt FDA a](#).

Kijan vaksen Janssen (Johnson & Johnson) lan fonksyone?

Vaksen Janssen (Johnson & Johnson) lan pa yon vaksen ARNm. Li se yon vektè adenoviris. Li itilize yon vèsyon modifiye viris grip abityèl lan yo rele adenoviris 26 pou livre enstriksyon bay kò ou pou fè pwoteyin pwent nou twouve sou sifas kowonaviris lan. Sistèm iminitè ou ka apresya fè antikò ak pwoteyin sa yo pou pwoteje ou kont COVID-19 lan. Ou pa ka pran grip nan vaksen an.

Vaksen Pfizer ak Moderna yo kont COVID-19 lan se vaksen ARNm. Kisa sa vle di?

Malgre vaksen ARNm yo se yon nouvo kalite vaksen, chèchè yo gen anpil ane ap etidye epi travay sou yo. Yo pa gen viris ki vivan ladan yo e yo pa ka lakoz COVID-19 la. Olyesa, yo bay selil nou yo enstriksyon sou kijan pou yo fè pwoteyin COVID-19 yo ki twouve yo nan kouch pa deyò kowonaviris lan. Sistèm iminitè nou ka apresya fè antikò ak pwoteyin sa yo epi pwoteje nou kont enfeksyon COVID-19 lan. ARNm lan nan vaksen yo pa janm antre nan nwayo selil nou yo oswa antre nan ADN nou. CDC an gen [enfòmasyon apwopo vaksen ARNm yo](#).

Èske mwen ka pran COVID-19 la nan yon vaksen?



Non. Vaksen yo (Pfizer, Moderna, oswa Janssen, yo konnen kòm Johnson & Johnson) pa gen viris lan antye oswa vivan ladan yo e kidonk yo pa ka lakoz COVID-19 la.

Kijan nou konnen vaksen yo fonksyone? Èske vaksen Janssen (Johnson & Johnson) lan efikas pou pwoteje kont COVID-19 la menm jan ak lòt opsyon vaksen yo?

Tout vaksen yo kont COVID-19 la te pwouve yo efikas anpil. Dapre esè Faz 3 yo, vaksen [Pfizer an](#) efikas a 95% 7 jou apre dezyèm dòz lan. Vaksen [Moderna a](#) efikas a 94% 14 jou apre dezyèm dòz lan. Rezilta sa yo te koyeran ak sèks, laj, ras epi etnisite.

Dapre esè klinik yo, vaksen [Janssen \(Johnson & Johnson\) lan](#) efikas a 85% kont maladi grav COVID-19 la. Li founi tou 100% pwoteksyon kont ospitalizasyon ak lanmò apati COVID-19 lan.

Konbyen tan iminite an ap dire apre mwen vaksinen? Èske m ap bezwen vaksinen chak ane?

Nou poko konn sa a. Esè klinik yo pral kontinye kontwole patisipan yo pou wè konbyen tan pwoteksyon an dire. Nou ap founi enfòmasyon ki ajou amezi yo vin disponib.

Mwen te deja gen COVID-19 la. Èske mwen ta dwe vaksinen?

Wi, ou ka toujou vaksinen si ou te gen COVID-19 lan epi ou te retabli.

Toutfwa, ou pa ta dwe vaksinen si:

- Ou gen yon enfeksyon COVID-19 ki aktif epi ou nan izolman oswa
- Gen [sentom ki ta ka soti nan COVID-19 la](#)

Kisa efè segondè yon vaksen kont COVID-19 ye?

Kèk moun gen efè segondè apre yo resevwa vaksen an. Majorite efè segondè yo piti e you rezoud nan yon jou apeprè.

- Pifò sentom yo rapòte souvan yo apati vaksen Pfizer an se doulè nan zòn vaksinasyon an, fatig, maltèt, doulè nan misk, doulè nan atikilasyon ak frison.
- Pifò sentom yo rapòte souvan yo apati vaksen Moderna a se doulè nan zòn vaksinasyon an, fatig, maltèt, doulè nan misk, frison, doulè nan atikilasyon, gangliyon lenfatik yo nan menm bra a ki te pran piki an ki anfle, kèplen ak vomisman epi lafyèv.
- Sentom yo plis rapòte yo apati vaksen Janssen (Johnson & Johnson) lan se doulè nan zòn piki an, maltèt, fatig, doulè nan misk ak kèplen.

[Li plis apwopo efè segondè potansyèl yo](#)

Kilè mwen totalman vaksinen?

Yo konsidere ou totalman vaksinen si sa gen:

- **2 semèn** depi ou te pran vaksen yon sèl grenn dòz Janssen lan (Johnson & Johnson) lan oswa
- **2 semèn** depi ou te pran **dezyèm dòz** vaksen Pfizer oswa Moderna a

*Si sa gen mwens pase 2 semèn, ou **pa** pran tout dòz vaksen yo nèt.*

Èske mwen gen bezwen gen yon tès antikò COVID avan oswa apre mwen fin pran yon vaksen COVID-19?



Yo pa gen bezwen okenn tès antikò pou kounya lè pou yo fè evalye rezistans ak COVID-19 lan aprè w fin pran vaksen COVID-19 lan oswa pou evalye bezwen ki genyen pou bay moun ki poko pran vaksen yo vaksen an.

Mask ak distans sosyal

E konsènan mete mask ak distans sosyal?

COVID-19 la ap diminye nan kominote a aktyèlman. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou: [sou sit entènèt CDC a](#), [sit entènèt Eta Massachusetts la](#), ak [sou sit entènèt Eta New Hampshire la](#). Remake enstriksyon lokal ak nasyonal yo ka varye pou zafè mete mask ak rasanbleman anndan/deyò. Vil lokal ou a ka genyen plizyè enstriksyon kidonk li enpòtan pou ou verifye enstriksyon pou lokalite w la.

Pasyan ki te fè yon **transplantasyon ògàn oswa ki gen iminodefisyans** dwe pale avèk ekip swen pou yo kapab resevwa konsèy sou fason pou mete mas epi respekte distans sosyal lan.

Si ou gen [sentom yo](#), ou dwe pale ak founisè swen sante w la. Ou ka bezwen [teste pou COVID-19 la](#). Gade plis enfòmasyon [sou sit entènèt CDC](#).

Tanpri sonje: Pasyan yo ak vizitè ki nan lopital ak etablisman swen sante Massachusetts General Brigham yo dwe kontinye mete mask medikal lè ou andedan etablisman nou yo. Anplwaye yo ap kontinye fè menm bagay la tou. Tout sa se pou sante ak sekirite tout moun k ap pran lakay nou yo. Konsilte [politik nou gen mask](#) lan.

Alèji

Èske vaksen kont COVID-19 yo lakoz reyaksyon alèji?

Gen kèk rapò ki di gen moun ki gen reyaksyon alèji apre yo fin vaksinen. Yon ti kantite moun te gen reyaksyon alèji grav yo rele anafilaksi. Baze sou sa a, Administrasyon Ameriken pou Manje ak Medikaman yo (FDA) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (CDC) rekòmande pou moun ki gen yon antesedan anafilaksi ak nenpòt nan engredyan ki nan yon vaksen kont COVID-19 pa ta dwe pran vaksen sa a. Moun ki gen lòt alèji ak manje oswa medikaman ka vaksinen.

Anjeneral, pifò pasyan ki alèjik ak yon grenn vaksen ka resevwa lòt vaksen yo san danje. Si ou gen yon antesedan reyaksyon alèji ki grav ak vaksen yo, tretman ak piki, oswa nenpòt konpozan vaksen kont COVID-19 ou pral resevwa a, ou ta dwe pale ak founisè swen prensipal ou an oswa alèjis ou an (si ou gen youn). Founisè ou an ka ede ou decide si l san danje pou ou vaksinen.

[Li plis apwopo efè segondè potansyèl yo](#)

Èske mwen ka pran vaksen kont COVID-19 yo si mwen alèji ak manje oswa medikaman?

Ou ka pran vaksen kont COVID-19 la si ou alèji ak manje oswa dwòg. Vaksen Pfizer, Moderna, ak Janssen (Johnson & Johnson) yo kont COVID-19 la pa gen jelatin, ze oswa latèks. Sepandan, si ou gen antesedan anafilaksi pou yon rezon (manje, medikaman yo pran nan bouch, venom, latèks), ou ka sou obsèvasyon pandan 30 minit apre ou fin pran vaksen an.

Ki engredyan ki nan vaksen kont COVID-19 yo?



Vaksen Pfizer, Moderna, ak Janssen (Johnson & Johnson) yo kont COVID-19 la pa gen jelatin, ze oswa latèks. Epitou, bouchon flakon yo pa fèt ak latèks kawotchou natirèl. Pasyan yo ki gen alèji ak latèks ka resevwa vaksen Pfizer, Moderna, ak Janssen (Johnson & Johnson) yo kont COVID-19 la.

Ni vaksen Pfizer ni vaksen Moderna yo kont COVID-19 la toude gen glikòl poli-etilèn. Reyaksyon ak glikòl poli-etilèn yo ra anpil. Pasyan ki gen yon antedan reyaksyon alèji ak poli-etilèn yo ta dwe pale ak founisè yo an anvan yo resevwa vaksen Pfizer oswa Moderna a.

Engredyan nan vaksen kont COVID-19 yo

	Pfizer-BioNTech	Moderna	Janssen (Johnson & Johnson)
Aktif	ARN mesaje yon nikleyosid modifiye (ARNmod) ki kode glikopwoteyin pwent viral (S) SARS-CoV-2 an.	ARNm yon nikleyosid modifiye ARNm ki kode glikopwoteyin pwent viral (S) SARS-CoV-2 an.	Adenoviris tip 26 ki rekonbine, ki pa konpetan pou replikasyon, ki eksprime pwoteyin pwent SARS-CoV-2 an
Inaktif - lipid	(4-hydroxybutyl)azanediylbis(hexane-6,1-diyl)bis(2-hexyldecanoate)	SM-102 (Esklizif ak Moderna)	2-hydroxypropyl- β -cyclodextrin (HBCD)
	2[(polyethylene glycol [PEG])-2000]-N,N-ditetradecylacetamide	Polyethylene glycol (PEG) 2000 dimyristoyl glycerol (DMG)	Polysorbate-80
	1,2-distearoyl-sn-glycero-3-phosphocholine	1,2-distearoyl-sn-glycero-3-phosphocholine	
	Kolestewòl	Kolestewòl	
Inaktif - sèl, sik, tanpon	Klori potasyòm, fosfat potasyòm monobazik, klori sodyòm, fosfat sodyòm dibazik de-idrate	Twometamin, idwoklori twometamin, asid asetik, asetat sodyòm	Mono-idrat asid sitrik, di-idrat sitrat trisodyòm
	Sik (sikwoz)	Sik (sikwoz)	Etanòl
	Sòlvan, ki ajoute ak vaksen an pou yo bay li, se yon dlo sale (klori sodyòm)	Li pa bezwen okenn sòlvan	Klori sodyòm

Kisa ki yon alèji ak vaksen?

Menm jan pou alèji ak manje oswa ak medikaman yo, moun yo ka alèji ak yon engredyan nan yon vaksen. Apeprè mwatye nan reyaksyon alèji ak vaksen yo rive pandan premye 15 minit apre ou fin resevwa vaksen an, epi 90% rive nan 30 premye minit yo. Majorite reyaksyon alèji yo piti, tankou itikè yo.

Yon reyaksyon alèji ki grav yo rele anafilaksi, ki ra anpil, ki rive yon moun sou yon milyon pou majorite vaksen yo. Sentom anafilaksi prèske toujou parèt nan 4 è apre ou fin resevwa vaksen an, pi souvan nan kèk minit. Sentom yo



konn parèt plizyè kote nan kò a: itikè sou po a; bouch anfle; lè; lang oswa gòj; souf kout, ral, oswa lestomak sere, oswa tansyon ba oswa pèdi konesans.

Kisa k ap pase si mwen reyaji ak vaksen kont COVID-19 la?

Akoz majorite reyaksyon alèji yo rive ant 15 ak 30 minit, tout pasyan yo sou obsèvasyon pandan 15 minit apre yo fin resevwa vaksen an pou yo wè si ap gen reyaksyon alèji. Si ou gen antedan anafilaksi, ou ka gen yon peryòd 30 minit obsèvasyon apre ou fin resevwa vaksen an. Si ou gen yon reyaksyon alèji, pèsònèl medikal la ap ba ou tretman touswit. Tout anplasman vaksinasyon yo ka dyagnostike epi kontwole reyaksyon alèji yo epi yo gen medikaman disponib, tankou epinefrin (“Epi-Pen”).

Pasyan ki iminokonpwomèt

Mwen iminokonpwomèt. Èske mwen ta dwe pran yon vaksen kont COVID-19 la?

CDC an di moun ki iminokonpwomèt ka vaksinen, toutotan yo pa t gen okenn sousi ak pran vaksen oparavan. Pou kesyon konsènan alèji ki gen rapò ak vaksinasyon kont COVID-19 la, tanpri gade [kesyon yo poze souvan yo sou alèji yo](#).

Tanpri remake, vaksen kont COVID-19 yo **pa** vaksen ki vivan; vaksen ki vivan yo souvan pa rekòmande pou pasyan ki iminokonpwomèt.

Pasyan ki iminokonpwomèt yo gen ladan yo moun:

- K ap viv ak VIH yo
- Sou tretman iminosipresif tankou steroïd (prednizòn) pandan lontan
- Sou tretman iminosipresif pou prevansyon rejè transplantasyon ògàn
- Sou medikaman ki modifiye tankou tretman biyolojik (yo pran souvan nan piki). Yo itilize sa yo pou tretman maladi oto-imitè tankou maladi Crohn, poli-atrit rimatoyid, lipis ak lòt.

Nou poko konnen nan ki pwen vaksen kont COVID-19 yo pral efikas pou ou. Ou gendwa gen mwens repons iminitè lè ou vaksinen. Menm si ou vaksinen, ou ta dwe toujou [mete yon mas, pratike distans sosyal, epi lave men ou](#). Tanpri gade nan [kesyon yo poze souvan konsènan mas ak distans sosyal](#). Sa se vre pou tout moun k ap vaksinen kounya. Ekspè pou kontwòl enfeksyon yo ap enfòme nou lè li san danje pou chanje oswa kanpe mezi sekirite sa yo.

Pou kounya, nou pa konnen si ou gendwa bezwen rapèl sou peryòd ki long oswa revaksinasyon. Mass General Brigham gendwa pa kòmanse vaksinasyon repete jouk tout moun vaksinen.

Èske mwen ta dwe chanje medikaman iminosipresyon mwen yo lè mwen vaksinen?

Anjeneral, nou pa rekòmande modifiye iminosipresyon an anvan oswa vaksinasyon an. Nan ka presi yo, founisè ou an gendwa rekòmande chanjman. Si ou gen kesyon, diskite sou sa pandan pwochen vizit medikal ou an.

Èske mwen ka pran yon vaksen kont COVID-19 la si mwen te gen yon transplantasyon ògàn?

Ou ka vaksinen. Li posib pou yon vaksen kont COVID-19 la gendwa mwen efikas pou ou. Li gendwa pi bon pou tann ou vaksinen omwen 3 mwa apre transplantasyon ou an, si sa posib, pou amelyore repons iminitè an ak vaksen ou resevwa a (lè ou sou mwens iminosipresyon). Pa gen yon preferans pou yon vaksen kont COVID-19 presi si ou se yon pasyan ki te sibi transplantasyon. Founisè transplantasyon ou an pral di ou si ou bezwen laboratwa transplantasyon apre vaksinasyon an.

Si mwen te fè yon transplantasyon pou ògàn solid, èske mwen ka sispann mete mas si mwen te vaksinen?

Pasyan ki te fè yon transplantasyon pou yon ògàn solid dwe rete vijilan epi suiv prekosyon ki gen rapò ak COVID-19 **menm si ou te vaksinen** Nou toujou ap aprann plis konsènan nivo prekosyon apre vaksinasyon yon pasyan ki te gen yon transplantasyon ògàn.



Pandan CDC ap fè mizajou nan direktiv yo pou moun ki vaksinen nèt yo, nou mande ou pou kontinye rete lwen kote moun ki pa fè pati fanmi ou reyini, kèlkeswa estati vaksinasyon yo. Nou rekòmande ou pou:

- Pa reyini avèk fanmi ak zanmi ki p ap viv nan kay avèk ou, pa rete san mas epi ak mwens pase 6 pye apa **malgre estati vaksinasyon yo**. Moun ki vaksinen ka kapab pataje viris la bay lòt moun.
- Mete yon mas ki byen ajiste lè ou deyò lakay ou.
- Lave men ou souvan, espesyalman anvan ou manje.
- Rete omwen a 6 pye (longè 2 bra) ak moun ki p ap viv avèk ou.
- Evite fowl ak kote van pa rantre ak soti byen. Plis ou an kontak ak moun, plis gen chans pou ou ekspoze ak COVID-19.
- Pa vwayaje nan moman sa a.

Jan sa di nan rekòmandasyon CDC yo, nou pa rekòmande tès antikò nan moman sa. Nou toujou ap teste pi bon metòd yo pou detèmine iminite. Nou pa konnen ki nivo antikò ki bay pasyan ki transplante yo pwoteksyon. Nou espere gen plis enfòmasyon byento.

Mwen ap tann transplantasyon ògàn. Èske mwen ta dwe vaksinen?

Anjeneral, vaksen yo fonksyone pi byen anvan yon transplantasyon ògàn, anvan iminosipresyon an kòmanse. Si sa posib, nou ta rekòmande pou ou vaksinen anvan transplantasyon an.

Gwosès ak alètman

Mwen ansent. Èske mwen ta dwe vaksinen?

Yo konsidere vaksinasyon kòm yon mwayen san danje ak yon woutin nan swen anvan akouchman yo. Parekzanp, yo pa ofri vaksen antigrip la pandan gwosès sèlman, yo rekòmande li tou.

Konfòmman ak rekòmandasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), vaksen kont COVID-19 yo disponib pou pasyan ki ansent yo. Sepandan, li rekòmande pou ou pale ak founisè OB ou apwopo si wi oswa non ou ta dwe vaksinen. Ni viris lan ni vaksen yo toude tounèf. Kòm moun ansent yo pa t nan esè vaksen kont COVID-19 yo, done sekirize yo limite.

Avèk èd founisè OB a, ou kapab diskite sou kisa ki pi bon opsyon an pou ou. Desizyon w pou ou vaksinen pandan ou ansent dwe chita sou lefètke ou riske ekspoze ak viris la, nan ki pwen ou ka malad si ou pran viris la, ak done yo ki manke disponib apwopo vaksen yo.

Mwen konnen vaksen kont COVID-19 yo fenk parèt. Èske vaksen an san danje pou moun ki ansent?

Menm jan ak anpil nouvo vaksen ak medikaman, yo te etidye vaksen kont COVID-19 yo sou zannimo ki ansent e etid sa yo pa t montre okenn konplikasyon ki gan rapò ak fètilitée oswa repwodiksyon lè ou an kontak ak viris la.

Plis pase 30000 moun ansent ap resevwa vaksen Pfizer/BioNTech oswa Moderna a nan Etazini depi desanm 2020 e jiskounya CDC a pa rapòte gen danje nan sa.

Pandan vaksen Johnson & Johnson se vaksen ki pi resan FDA a apwouve, kalite vaksen sa a te itilize kont lòt viris nan etid yo atravè lemond. Kèk nan etid sa yo genyen moun ansent yo Yo pa t rapòte gen konplikasyon lè ou ekspoze ak vaksen sa yo.

[Li plis apwopo konsiderasyon sou vaksinasyon yo CDC a bay yo](#)

Si mwen deside vaksinen pandan mwen ansent, mwen ka vaksinen nenpòt lè?



Desizyon apwopo kilè pou ou vaksinen an ta dwe pran ak founisè OB ou an. Desizyon sa ta dwe konsidere risk ekspozisyon ou ak viris lan epi ki chans ou genyen pou ta ka tonbe malad si ou gen viris lan. Pa gen okenn done ki sigijere vaksen kont COVID-19 lan lakoz foskouch.

Mwen te tande kèk moun te gen reyaksyon apre vaksinasyon. Èske sa yo danje nan gwsès lan?

Sentom ki gen ladan yo lafyè, doulè nan misk, doulè nan atikilasyon, fatig ak maltèt se efè segondè ki komen nan vaksen kont COVID-19 yo. Pifò efè segondè lejè yo rezoud nan espas youn oswa de jou e nou pa kwè yo danje. Si ou enkyete ou konsènan efè segondè apati vaksen yo ak gwsès ou an, pale ak founisè OB ou a anvan ou vaksinen.

Mwen ap bay tete. Èske mwen ta dwe vaksinen?

Yo ap ofri moun k ap bay tete yo vaksen kont COVID-19 yo aktyèlman. Nan moman sa a, pa genyen done konsènan enpak sou sante manman ki te vaksinen ki gen timoun ki nan tete yo. Sepandan, gen chans pou vaksen ki rantrè nan lèt tete a vin aktif rapidman lè lèt la dijere. Anplis, bebe a ka pran iminite kont COVID-19 la nan lèt tete a apre ou fin vaksinen. Akademi Medsin Alètman an rekòmande pou tout moun k ap bay tete pran vaksen kont COVID-19.

Èske vaksen yo ap afekte chans mwen pou m tonbe ansent pi devan?

Pa gen okenn prèv vaksen yo afekte fètilite pi devan.

Nan yon kominike konjwent, Kolèj Ameriken Obstetrisyen ak Jinekolojis yo (American College of Obstetricians and Gynecologists, ACOG), Sosyete Amerikèn pou Medsin Repwodiktiv (American Society for Reproductive Medicine, ASRM) ak Sosyete pou Medsin Matènal-Fetal la (Society for Maternal-Fetal Medicine, SMFM) te di "pa gen prèv vaksen yo ka mennen nan yon pèt fètilite. Pandan yo pa t etidye fètilite a espesifikman nan esè klinik vaksen yo, pa gen pèt fètilite ki te rapòte pami patisipan yo oswa pami milyon moun ki te resevwa vaksen yo depi lè yo gen otorizasyon yo an, e pa t gen siy enfètilite ki te parèt nan etid zannimo yo. Syantifikman pa gen chans pou gen pèt fètilite."

Si mwen resevwa vaksen Pfizer/BioNTech la oswa vaksen Moderna, e si mwen vin ansent ant premye ak dezyèm dòz yo?

Ou ka chwazi oubyen dezyèm dòz la pandan ou ansent lan oubyen tann pou ou pran dezyèm dòz la jis apre ou fin akouche. Anpil moun ki te deja pran premye dòz lan gendwa chwazi pran dezyèm dòz lan, pou yo ka vin iminize pandan gwsès lan. Kolèj Ameriken Obstetrisyen ak Jinekolojis yo te reyini yon gwoup ekspè ki rekòmande pou konplete tout gam vaksen an depi ou kòmanse pou ou ka benefisye yon iminite efikas epi atan.

Mwen planifye gwsès mwen nan pa twò lontan. Èske mwen ta dwe vaksinen kounya oswa tann?

Yo pa kwè vaksen kont COVID-19 yo afekte fètilite ou pi devan. Vaksinen avan ou tonbe ansent gendwa anpeche COVID-19 lan pandan gwsès la. Li ka evite tou bezwen pou vaksinen pandan gwsès lan.

Timoun

Èske timoun ka pran vaksen?

Yo apwouve vaksen Pfizer a pou jèn moun ki gen 12 lane ak plis yo. Yo apwouve vaksen Moderna ak Janssen (Johnson and Johnson) yo pou moun ki gen 18 lane ak plis yo. Se te pou sèlman moun ki gen laj sa yo te fè premye esè klinik vaksen sa yo epi yo pa te mete moun ki pi jèn yo ladan li.

Pasyan elijib ant 12- 17 lane yo ap bezwen [yon pèmisyon](#) paran yo te siyen pou resevwa yon vaksen Pfizer nan yon biwo Massachusetts General Brigham.



Kilè timoun ki gen 11 lane oswa mwens yo ap kapab pran yon vaksen kont COVID-19 lan?

Nou pa konnen kilè youn oswa plis nan vaksen yo ta gendwa apwouve pou moun ki nan gwoup laj sa a.

Sistèm iminitè timoun ak granmoun yo diferan e yo ka pwodui diferan repons iminitè ak vaksen yo. Yo bezwen etidye vaksen yo lakay timoun ki gen 11 lane ak mwens yo pou asire yo san danje e yo fonksyone. Aktyèlman genyen plizyè esè ak vaksen kont COVID-19 pou pasyan nan pedyatri yo. Yon fwa gen done, vaksen yo ap pase nan menm pwosesis revizyon Administrasyon Ameriken pou Manje ak Medikaman yo (FDA). Yo ap apwouve vaksen yo si done yo montre yo san danje epi efikas. Li gendwa pran plizyè mwa.

Èske timoun yo ap vaksinen anvan kòmansman ane lekòl 2021-22 an?

Aktyèlman vaksen Pfizer a apwouve pou timoun ki nan laj ant 12-17 lane yo. Kòm vaksen sa yo poko apwouve pou moun ki gen mwens pase 12 lane yo, li posib pou pifò timoun pa gentan vaksinen anvan kòmansman pwochen ane lekòl lan. Adolèsan ak timoun ki nan laj 12 -17 lane yo gendwa gen posibilite vaksinen nan kòmansman ane lekòl lan.

Pasyan ki gen kansè

Mwen gen kansè. Èske mwen ka pran yon vaksen kont COVID-19 la?

Wi. CDC an di moun ki gen kansè yo gendwa resevwa vaksen kont COVID-19 la, toutotan yo pa gen okenn sousi ak pran vaksen oparavan.

Èske mwen ta dwe pran vaksen si mwen ap resevwa tretman kansè aktivman oswa mwen ta dwe tann jouk tretman mwen an fini?

Si tretman aktyèl ou an gen ladan li chimyoterapi, iminoterapi, terapi ki sible oswa radyoterapi, ou ta dwe pale ak ekip swen ou an pou deside kilè pou ou vaksinen.

Lè ou ap pran desizyon ou an, ou ta dwe konsidere risk ekspozisyon ou ak viris lan, ki chans ou genyen pou ta ka tonbe malad si ou pran viris lan e kilè ou ap fini tretman an.

Si ou fini ak tretman, ou ta dwe vaksinen. Sa gen ladan l pasyan yo toujou ap wè yo apre tretman oswa yo panse ak yo kòm kwa yo nan pati "sivivan" nan vwayaj yo an.

Èske vaksen yo ap jennen tretman kansè mwen an?

Non. Nan moman sa a, pa gen prèv pou sigjere vaksen yo pral afekte tretman kansè ou an.

Èske moun k ap ban m swen an ka vaksinen?

Moun k ap ba ou swen an (pa egzanp: mari/madanm ou an oswa pitit ou ki adilt lan) ta dwe pale ak pwòp founisè swen sante yo an pou detèmine si yo ta dwe pran yon vaksen kont COVID-19 la.

[Aprann plis sou disponiblite vaksen an epi pwogramasyon yo nan Mass General Brigham](#)

Lòt Resous

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Avantaj nan Pran yon Vaksen kont COVID-19 lan - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/vaccine-benefits.html>
- Vaksen kont COVID-19 lan nan Massachusetts - <https://www.mass.gov/covid-19-vaccine-in-massachusetts>
- Moun ki gen pi gwo risk yo pou maladi grav - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/faq.html#People-at-Higher-Risk-for-Severe-Illness>



- Administrasyon Ameriken pou Manje ak Medikaman yo: Vaksen Pfizer-BioNTech lan kont COVID-19 lan - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/pfizer-biontech-covid-19-vaccine>
- Administrasyon pou Manje ak Medikaman yo: Vaksen Moderna a kont COVID-19 lan - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/moderna-covid-19-vaccine>
- Konprann Vaksen ARNm COVID-19 yo - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/mrna.html>
- Administrasyon pou Manje ak Medikaman yo: Vaksen Janssen (Johnson & Johnson) lan kont COVID-19 lan - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/janssen-covid-19-vaccine#additional>
- Sit entènèt Mass General Brigham la pou COVID-19 la - <https://www.massgeneralbrigham.org/covid19>

